



Chanjman Pwopoze nan Tout Tarif yo pou 2024

MBTA angaje li pou bay transpò ki fyab, aksesib epi ki bon mache pou tout moun.

Nouvo Elajisman Elijibilite pou Tarif Redwi pou Pasaje ki kalifye sou labaz Revni

- MBTA pwopoze mete anplas yon nouvo pwogram tarif redwi ki pral fè tout transpò MBTA, san wete The RIDE, ap disponib pou moun ki elijib sou labaz revni yo.
- Pasaje ki elijib yo se moun ki gen ant 26 ak 64 lane, ki patisipe nan pwogram benefis Eta a bay poutèt revni yo, tankou SNAP ak MassHealth.

‘Chanje Tikè yo’

- MBTA pwopoze pou ranplase ‘chanje tikè’ aktyèl nan Liy Bis, Green Line ak Mattapan an epi pou transfere pasaje yo pou yo itilize CharlieCards kòm sous peman prensipal.
- Pou fasilite chanjman an, MBTA pral kòmanse estoke kat CharlieCards ki vid abò bis yo epi nan plis kote toujou toupatou nan rezo a pou ankouraje pasaje yo chaje lajan kach sou CharlieCards yo.



Ekspansyon pou Jou Ferye Pass Wikenn Tren Ale-Retou an

- MBTA pwopoze pou fè \$10 ekspansyon pass Tren Ale-Retou Wikenn nan vin pèmanan pou li enkli jou ferye vakans federal yo.

Reyinyon Piblik yo | Chanjman ki pwopoze nan tarif MBTA (An pèsòn)

29 janvyè	6:30-8:30 p.m.	Lowell
Pollard Memorial Library, 401 Merrimack St., Lowell		
1ye fevriye	6-8 p.m.	Dorchester
Cristo Rey High School, 100 Savin Hill Ave, Dorchester		
5 fevriye	6-8 p.m.	Roxbury
Dewitt Center, 122 Dewitt Drive, Roxbury		
7 fevriye	6-8 p.m.	Brockton
Brockton Public Library, 304 Main St, Brockton		
12 fevriye	6-8 p.m.	Mattapan
Mildred Avenue Community Center, 5 Mildred Ave, Mattapan		
13 fevriye	6-8 p.m.	Worcester
Worcester Public Library, 3 Salem Square, Worcester		
20 fevriye	6-8 p.m.	Chelsea
La Colaborativa, 318 Broadway, Chelsea		
27 fevriye	6-8 p.m.	Vityèl
MBTA.com/2024farechanges		

Aranjman

Yo pral ofri aranjman pou aksesibilite ak sèvis nan lang gratis, depi ou fè demann la, jan yo disponib. Sèvis sa yo gen ladann dokiman nan lòt fòm, dokiman ki tradwi, sou-titraj ak tradiktè nan bouch. Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou mande yon aranjman rezonab epi/ oswa sèvis nan lang, tanpri voye yon imèl bay publicengagement@mbta.com oswa rele nan 857-327-3282.

Jwenn plis enfòmasyon nan [MBTA.com/2024farechanges](https://www.mbta.com/2024farechanges)



Massachusetts Bay
Transportation Authority